

Pwopozisyon aksyon transparans ak pou batay kont koripsyon pou rive jwenn Premye Minis Gary Conille

Mesye Premye Minis,

Kolektif sitwayen **Nou Pap Dòmi** salye nominasyon w kòm Premye Minis nan kontèks espesyal sa kote ou gen gwo responsablite pou mennen tranzisyon an nan peyi dAyiti. Nou konnen ki jan misyon sa mande anpil e nou vle souliye Ayisyen mete anpil espwa nan ou. Tranzisyon sa reprezante yon sèl opòtinite pou Leta rekonekte ak sitwayen li yo, etabli konfyans epi poze baz pou yon gouvènans transparan ak responsab.

Nou Pap Dòmi byen akeyi apèl ou lanse a pou Tolerans Zewo kont koripsyon. Nan kontèks ekstwòdinè sa, kote pa gen palman pou asire kontwòl sou aktivite yo, nou dwe rekonèt peryòd ijans sa ka vin tounen yon baryè lib pou koripsyon. Nou pran nòt deklarasyon ou an e nou konsidere se yon angajman ou pran pou travay kont maleng sa k ap detwi sosyete nou an an jeneral ak enstitisyon piblik yo an patikilye. Sepandan, nou ap tann aksyon konkrè ki ka voye siy klè sou volonte reyèl gouvènman w lan pou konbat koripsyon sou tout fòm.

Ak konsiderasyon sa yo, Nou Pap Dòmi vle atire atansyon w sou neseseite ijan pou mete an plas mekanis ki gen rigè pou garanti transparans ak responsablite nan aksyon gouvènmantral ak nan depans piblik yo. Pou sa, nou fòmile pwopozisyon sa yo bay gouvènman w lan pou garanti yon jesyon ki pi transparan ak responsab nan resous piblik yo:

1. Deklarasyon Patrimwàn

- Fè deklarasyon patrimwàn ou epi egzije menm bagay pou tout minis ak ajan piblik oswa fonksyonè lalwa deziyen, ansanm ak lòt gwo komi Leta a, an akò ak *atik 2 nan lwa 12 fevriye 2008 ki konsène deklarasyon patrimwàn*. Deklarasyon sa yo dwe piblik selon *atik 6* nan menm lwa sa a epi yo dwe sèvi kòm yon siy bònfw ak angajman pou transparan

2. Kowalisyon Sosyete Sivil ak Sitwayen pou Kontwòl ak Vijilans

- Sipòte mizanplas yon kowalisyon ki gen ladann òganizasyon sosyete sivil ak sitwayen ki dedye a siveyans depans piblik yo
- Bay estrikti sa a (ki pra l fèk kreye) yon aksè total ak enfòmasyon ki nesèsè pou yon siveyans efikas

3. Mete an plas yon *task force* ak enstitisyon piblik k ap batay kont koripsyon (Lakoudèkont, ULCC, UCREF, IGF, CNMP) pou fè odit anvan ak pandan pwojè yo ak egzekite.

- Favorize mizanplas *task force* pou mennen odit pandan ak anvan sou tout pwojè ak chantye Leta yo
- Entegre mezi sa a nan alokasyon bidjetè k ap vini yo pou sipòte aktivite odit yo. Yon finansman adekwa esansyèl pou odit sa yo fèt an tan reyèl.

4. Angajman pou Transparans piblik nan Mache Piblik yo

- Rann piblik pwosesis pasasyon mache piblik yo pandan peryòd tranzisyon an, ak piblikasyon detay yo sou yon sit entènèt ofisyèl. Sa enkli kritè seleksyon, konpayi ki soumèt pwopozisyon yo ak rezilta final yo.
- Egzije CNMP pou l rann piblikman tout konpayi ki gen kontra ak Leta pandan y ap endike enfòmasyon ki gen rapò ak pèfòmans epi entegrite yo, *an akò ak atik 10.6 nan lwa ki fikse règ jeneral pasasyon mache yo*
- Egzije CNMP mete ajou epi pibliye lis nwa ki gen konpayi oswa founisè ki pa respekte kloz kontra piblik yo epi ki pa ka benefisye kontra piblik, *an akò ak atik 10.15 nan lwa ki fikse règ jeneral pasasyon mache yo*
- Bay kowalisyon sosyete sivil la dwa pou patisipe kòm obsèvatè endepandan nan pwosesis pasasyon mache yo, *an akò ak atik 8.1 nan lwa ki fikse règ jeneral pasasyon mache yo*

5. Ankouraje Denonsyasyon pami Anplwaye Leta

- Voye yon lèt tou louvri bay tout anplwaye Leta pou ankouraje yo rapòte ka koripsyon
- Mete an plas mekanis pou kenbe anonima fonksyonè ak lansèdalèt yo

- Garanti pwoteksyon Leta pou lansè alèt yo pou kreye yon anviwònman ki an sekirite pou denonsyasyon

6. Devlopman Kolaboratif yon Strateji Batay kont Koripsyon

- Ankouraje enstitisyon k ap batay kont koripsyon pou travay ansanm pou devlope yon ajenda ak yon estrateji antikoripsyon sou senk ane pou Ayiti. Kolaborasyon sa ap pèmèt kreye yon apwòch ki kowòdone ak entegre pou konbat koripsyon.
- Enplike òganizasyon sosyete sivil yo nan planifikasyon estratejik sa a. Patisipasyon yo ap asire pèspektiv yo ak preyokipasyon sitwayen yo konsidere nan fòmilasyon estrateji a.

7. Odit Administrasyon Piblik ak Òganis Otonòm

- Mande pou fè odit sou dosye finans enpòtan yo, tankou lajan PetroCaribe, depans ki gen rapò ak COVID-19 ak peryòd tranzisyon (Soti jiyè 2021 pou avril 2024).

8. Mete an plas mekanis resepsyon plent nan Primati a

- Mete an plas yon mekanis plent nan nivo Primati an k ap pèmèt sitwayen yo soumèt plent sou sispisyon koripsyon. Mekanis sa a dwe aksesib, sekirize epi konfidansyèl pou ankouraje sitwayen yo itilize yo.
- Favorize bon fonksyònman lòt mekanis plent nan enstitisyon k ap batay kont koripsyon, espesyalman sa ki nan ULCC. Asire mekanis sa yo gen resous nesèsè pou trete plent yo kòm sadwa.

9. Ankouraje Odit Piblik Sitwayen

- Ankouraje sitwayen yo pou fè odit piblik sou bon reyalizasyon pwojè ak aktivite Leta fè nan zòn yo.

10. Batay kont Enpinite

- Mande Minis Jistis la pou enfòme l sou eta avansman dosye koripsyon ULCC te voye bay pakè yo pou transfè nan Kabinè Enstriksyon; epi si sa nesèsè, pou pase enstriksyon fòmèl pou lansman aksyon piblik kont moun ki site nan rapò sa yo.

- Mande Minis Jistis la pou enstwi komisè gouvènman an pou lanse aksyon piblik kont moun ki denonse pa opinyon piblik ki nan koripsyon; ak tout moun ki anba sanksyon entènasyonal akòz enplikasyon yo nan zak kondanab.
- Mete an plas yon komisyon Jistis, Verite ak Reparasyon endepandan pou enquete sou zak vyolasyon dwa moun, tankou masak, asasina, kidnaping ak kadejak.

Nou mande ak ensistans, sipò ou pou mezi esansyèl sa yo ki vize ranfòse transparans, responsablite, ak konfyans popilasyon an nan gouvènman an. Aksyon sa yo se responsabilite egzekitif la sèlman ak pouvwa w kòm chèf gouvènman. Lè ou aplike yo, w ap voye yon mesaj klè ak fòs sou detèminasyon w pou w konbat koripsyon epi tabli yon klima konfyans ak responsablite nan jesyon fon piblik yo.

Pa sipòte mezi sa yo ta vle di rate opòtinite pou fè yon chanjman radikal ak pratik ansyen gouvènman yo epi kòmanse retabli konfyans sitwayen yo nan Leta. Li esansyèl pou demontre yon chanjman direksyon klè epi pran mezi nesèsè yo pou garanti yon gouvènans transparan ak entèg.

Nou rete a dispozisyon w pou nenpòt bezwen diskisyon ak klarifikasyon sou pwèn sa yo.

Resevwa, Mesye Premye Minis, salitasyon patriyotik nou.

Pòtoprens, 13 jen 2024

Pou Kolektif la :



James BELTIS



Daphné VALMOND BOURGOIN



Vélina Élysée CHARLIER



Adonis DEFAILLE



Dr. Joseph Stéphane MICHEL



Gilbert MIRAMBEAU Jr.



Stevenson MOISE



Jeffsky POINCY



Pascale SOLAGES